# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–29 मार्च 2026** **भोजपुरी समाचार**

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी आजु आकाशवाणी से मन की बात कार्यक्रम में देसवासियन से आपन बिचार साझा कइलें। उहां के कहलीं कि पश्चिमी एशिया के हालति, भारत क ऊर्जा जरूरतिनि बदे चुनौती पैदा कइ दिहले हौ।

***जिस क्षेत्र में अभी युद्ध चल रहा है। वह क्षेत्र हमारी ऊर्जा आवश्यकताओं का बड़ा केंद्र है। इसकी वजह से दुनिया भर में पेट्रोल और डीजल को लेकर संकट की स्थिति बनती जा रही है। हमारे वैश्विक संबंध अलगदृअलग देशों से मिल रहा सहयोग और पिछले एक दशक में देश का जो सामर्थ बना है। इनकी वजह से भारत इन परिस्थितियों का डटकर मुकाबला कर रहा है।***

प्रधानमंत्री भरोसा दियवलें कि कोविड महामारी के तरियनें देस येहू मोस्किल से जल्दिये बहरे निकरि जाई। श्री मोदी कहलें कि **माई भारत**, राष्ट्र–निरमाण के जिम्मेदारी के पूरा कइले में खास भूमिका निभा रहल हौ।

***माय भारत द्वारा बजट क्वेस्ज का आयोजन किया गया। इसका मकसद था, देश भर के युवाओं को बजट प्रक्रिया और नीति निर्माण से जोड़ना। इससे जुड़ी क्विज में देश भर से करीब 12 लाख युवाओं ने हिस्सा लिया है। इनसे पता चलता है कि मेरे युवा साथी देश के विकास में अपना योगदान देने के लिए कितना तत्पर है।***

प्रधानमंत्री मोदी भारत क महान संस्कृति आ बिरासति के देखावे बदे लोगिन क भागीदारी क भावना के देखावे वाला ज्ञान भारतम सर्वे पर जोर दिहलें। उहां के कहलीं कि हम्मन क महान संस्कृति आ समृद्धि बिरासति से हौ। एकर उद्देस्य देस भर में मौजूद पांडुलिपियन के बारे में जनकारी जुटावल हौ। येह सर्वे से जुड़ल एगो जरिया **भारतम्** ऐप हवे। प्रधानमंत्री अपने सम्बोधन में काशी में एक घंटा के दौरान दुइ लाख एक्यावन हजार पौधा लगवले के रेकार्ड के सरहलें। उहां के कहलीं कि ई येह बाति क प्रमाण है कि लोगि साथे मिलि के कार करें त हर काम सम्भव बा। प्रधानमंत्री हलिये में टी–20 विश्व कप में भारतीय टीमि के इतिहासिक जीति पर गर्व जतवलें। देस के कई इलाकन में सुरू भइल गरमी क चरचा करत श्री मोदी कहलें कि अब पानी बचावे बदे फेर से प्रतिबद्ध भइले क समय आ गइल बा। प्रधानमंत्री ईहो बतवलें कि केन्द्र सरकार मछुआरन क जिनगी असान बनावे बदे कदम उठा रहलि हौ।

**********

नोएडा अंतरराष्ट्रीय हवाई अड्डा से वाणिज्यिक उड़ान अगिला पैंतालीस से साठि दिन के अन्दर सुरू भइले क सम्भावना बा। नागर विमानन मंत्री के. राममोहन नाडयू बतवलें कि हवाई अड्डा के चालू करवले क तइयारी चलि रहल बा अउर सुरक्षा आ अउरियो इंतिजाम के अन्तिम रूप दीहल जा रहल हौ। प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी काल्हि येह हवाई अड्डा क उद्घाटन कइले रहलें। येह हवाई अड्डा क क्षमता सुरूआति में हर सालि एक करोड़ पचीस लाख यात्रियन क होई।

**********

केन्द्र सरकार कहले हवे कि देस भर क सज्जो पेट्रोल पम्पन पर पेट्रोल आ डीजल क पुरहर भण्डारण उपलब्ध बा। एगो वक्तव्य में सरकार बतवले हवे कि एक दिन पहिले देस में चउवन लाख से बेसी एलपीजी रिफिल बांटल गइल। सज्जो तेल सोधक करखाना उच्च क्षमता से काम कइ रहल बा आ कच्चा तेल क पुरहर भण्डारण मौजूद बा। पेट्रोल आ डीजल क पुरहर स्टॉक रक्खल जा रहल हौ।

**********

नेपाल क नया सरकार घोसणा कइले हौ कि ऊ ओन्नइस सौ नब्बे से दुइ हजार छब्बीस ले सार्वजनिक पदन पर रहल नेता लोगिन आ उच्च पदस्थ अधिकारियन के सम्पत्तियन क जांचि बदे एगो समिति क गठन करी। प्रधानमंत्री बालेन्द्र शाह क अगुआई वाली सरकार काल्हि जारी सौ सूत्रीय सासन सुधार एजेंडा में कहले हौ कि पनरह दिन के अन्दर एगो सम्पत्ति जांच समिति क गठन कइल जाई।

**********

विश्व छात्र आ युवा संगठन के ओरि से आजु कुशीनगर जिला में विश्व सान्ति संवाद क आयोजन कइल गइल। येह मौका पर मुख्य अतिथि के रूप में मौजूद प्रदेस सरकार क उच्च शिक्षा मंत्री योगेन्द्र उपाध्याय नौजवानन के सम्बोधित करत बसुधैव कुटुम्बकम क भावना के रेखांकित करत कहलें कि येह समय वैस्विक परिदृस्य में ई सिद्धान्त अउरियो प्रासंगिक हो गइल बा। उहां के कहलीं कि पूरा दुनिया के एगो परिवार मानि के आपसी सहजोग, सहिष्णुता आ सार्थक संवाद के जरिये से दुनिया में स्थायी सान्ति क सम्भावना सम्भव बा। येह कार्यक्रम में छब्बीस देसन क एक सौ अस्सी से बेसी छात्र प्रतिनिधि हिस्सा लिहलें।

**********

मसीही समाज प्रदेस में आजु पाम संडे क तिउहार सरधा के साथे मना रहल हौ। येह मौका पर प्रदेस क करीब सज्जो गिरजा घरन में बिसेस प्रार्थना सभा आयोजित कइल गइल। ई तिउहार पवित्र सप्ताह के सुरूआति क प्रतीक हौ। पाम संडे, ईसा मसीह के सूली पर चढ़ावल गइले से पहिले यरूशलेम में उनके प्रवेस के इयादि में मनावल जाला। पाम संडे से ईस्टर क उत्सव सुरूआति होला जवन गुड फ्राइडे आ ईस्टर संडे ले चले ला।

**********